

Nimewo 19

## **Òdone Lapolis Eta a pou Depoze Òdonans Pwoteksyon kont Risk Ekstrèm yo**

**LÈ NOU KONSIDERE**, ke vyolans ak zam rete taktik ki pi mòtèl ekstremis nasyonal yo deplwaye, kote ekstremis sipremasis blan vyolan yo ki enspire pa "teyori ranplasman" ap simen fiziyad mòtèl ki te sible yon sinagòg nan Pittsburgh, Pennsylvania nan oktòb 2018; yon sinagòg nan Poway, California nan avril 2019; ak yon Walmart nan El Paso, Texas nan out 2019;

**LÈ NOU KONSIDERE**, 10 te mouri ak yon zam semi-otomatik ki ekipe ak yon chajè gwo kapasite nan yon zak teworis nasyonal sipremasis blan nan yon fiziyad nan dat 14 me 2022 a nan yon makèt nan Buffalo, NY, sa demontre bezwen pou ogmante vijilans pou anpeche, lè sa posib, pou trajedi sa yo pa rive fèt alavni;

**LÈ NOU KONSIDERE**, ke kantite atak ekstremis lokal, ak konplo yo te plis pase triple soti 2011 rive 2021, dapre Sant pou Etid Estratejik ak Entènasyonal la (Center for Strategic and International Studies), avès plis pase "38 atak tèworis sipremasis blan ak lòt atak teworis ak konplo ki pataje menm ide yo" an 2021;

**LÈ NOU KONSIDERE**, ke sa ki pase yo egzije mezi ki desizif epi imedya pou pwoteje piblik la kont menas k ap ogmante, ki fèt souvan nan Eta New York; epi

**KOUNYE A, ANKONSEKANS, MWEN MENM, KATHY HOCHUL**, Gouvènè Eta New York, konfòmman ak otorite Konstitisyon ak Lwa Eta New York te konfye mwen, avèk dokiman sa a mwen bay lòd kòm swit:

Lapolis Eta New York ap asire ke manm ki jire li yo fòme epi gen enstriksyon pou depoze yon aplikasyon pou yon òdonans pwoteksyon kont risk ekstrèm konfòmman ak Atik 63-A nan Lwa ak Règleman Dwa Sivil yo.

Tout manm ki jire Lapolis Eta New York yo dwe depoze yon aplikasyon, ki dwe jire, ak dokimantasyon sipò ki ankonpaye, ki tabli reyalite ak sikonstans ki jistifye piblikasyon yon òdonans pwoteksyon kont risk ekstrèm lè gen yon koz ki posib pou yo kwè ke moun yo sispèk la gen chans pou angaje nan konduit ki t ap lakoz nwizans grav pou tèt pa l, oswa lòt moun, jan sa defini nan paragraf en oswa de nan sou-divizyon (a) seksyon 9.39 lwa sou ijyèn mantal la. Dokimantasyon sou aplikasyon ak sipò sa dwe depoze nan tribinal siprèm lan nan konte kote moun y ap entèwoje a abite a, dapre Atik 63-A nan Lwa ak Règleman sou Dwa Sivil yo.

F È T anba siyati mwen ak So Prive Eta a nan

Vil Albany, dizwityèm jou

nan mwa me ane de mil

vennde sa.

SOU LÒD GOUVÈNÈ A

Sekretè Gouvènè a